

## Prepare ou pou Sezon Tanpèt la

Pale ak ajan w la, epi revize polis asirans ou a kounye a pou:

- Etabli valè ranplasman kay ou (oswa valè deklare pou kay mobil), estrikte detache ak pwopriete pèsònèl. Li obligatwa pou pifò moun asire Citizens ki gen kouvèti van pou yo kenbe yon kontra asirans inondasyon. Kontra Citizens yo pa kouvri dega inondasyon. Men, asirans inondasyon disponib atravè konpayi prive epi Pwogram Nasyonal Asirans pou Inondasyon. Kontakte ajan w lan oswa vizite [www.floodsmart.gov](http://www.floodsmart.gov) pou w' aprann plis.
- Revize franchiz anyèl ou a, ki se jeneralman 2-5% de valè asire kay ou a.
- Tcheke pou wè si ou genyen kouvèti valè kach aktyèl (ACV) oswa kouvèti ranplasman pou pwopriete pèsònèl ou a. ACV kouvri sèlman valè depresyasyon pwopriete pèsònèl ou.
- Verifye ke enfòmasyon kontra asirans ou a kòrèk. Asire ou ke enfòmasyon konpayi ipotèk ou a parèt ak presizyon nan kontra w la.
- Fè kopi dokiman kontra w la epi sere yo nan yon bwat enpèmeyab oswa ak sekirite nan nyaj (stokaj Entènèt) ansanm ak lòt dokiman enpòtan kay ou.

Si kay ou andomaje:

- Rele Citizens First 24/7
  - Atravè myPolicy nan [www.citizensfla.com/mypolicy](http://www.citizensfla.com/mypolicy)
  - Nan telefòn nan 1.866.411.2742
- Fè foto ak/ou videyo dega pwopriete a.
- Fè reparasyon ijans rezonab ak nesesè pou pwoteje pwopriete w la kont plis pèt.
- Kenbe tout fakti yo ak estimasyon kontraktè pou bay ajistè w la.
- Prepare yon envantè de dega pwopriete pèsònèl, montre kantite, deskripsyon, valè lajan kach ak kantite pèt la.
- Gen enfòmasyon ipotèk aktyèl ou a sou men.



### Ou bezwen fè yon reklamasyon? Rele Citizens First

Fè reklamasyon ou sou Entènèt nan myPolicy sou [www.citizensfla.com/mypolicy](http://www.citizensfla.com/mypolicy) 24 èdtan pa jou, sèt jou nan semèn nan **866.411.2742**

Scan QR code to report online



Objektif bwochi sa se pou bay enfòmasyon. Si sa ta rive ou jwenn kèk diferans ant bwochi sa ak kontra asirans ou an, se sa ki ekri nan kontra asirans lan ki gen plis valè.

The English version is available at [www.citizensfla.com/brochures](http://www.citizensfla.com/brochures).

La version en Español esta disponible en [www.citizensfla.com/brochures](http://www.citizensfla.com/brochures).



**Citizens Property Insurance Corporation**  
866.411.2742  
[www.citizensfla.com](http://www.citizensfla.com)

04/24

# Pwoteje Kay Ou epi Ekonomize Lajan



## Rabè Kontra

Citizens ofri rabè sou prim asirans pou teknik ak karakteristik konstriksyon batiman ki founi gwo pwoteksyon pou kay ak biznis ou.

### Rabè Alèjman Van

Karakteristik alèjman ki pwoteje kay ak biznis ou de dega van akoz gwo tanpèt ka kalifye pou rabè, ki:

- Aplike sèlman sou pòsyon van prim asirans ou a
- Pa ofri a kay mobil yo

Yo ofri rabè alèjman van pou:

- Dispozitif pwofeksyon ouvèti
  - Panno pou pwoteje fenèt ak pòt kont debri van an pote
  - Fenèt ak pòt ki gen rezistans espesyal kont enpak

### Fòm Twati

- Twati an pant (encline sou kat kote yo tankou yon piramid)

### Rabè Konfòmite Kòd Batiman Ciizens

Si kay ou a te konstwi nan dat oswa apre 1ye janvyè 2002, ou gen dwa a yon rabè sou prim nan. Kay ki konstwi anvan 2002 yo ki gen yon mizajou twati a ki reponn a nòm konstriksyon sa ka kalifye tou pou rabè sa.

**Ane konstriksyon apati oswa apre 1ye janvyè 2012** (Li aplike pou HO-3 ak HO-8 sèlman); yo kalifye pou kredi minimòm FBC 2012 lè yo founi dokimantasyon ki valide lane konstriksyon an.

**Ane konstriksyon 2002 oswa apre** (Konte Miami-Dade ak Broward sèlman): yo kalifye pou kredi minimòm FBC 2001. Batiman kat etaj oswa pi wo kalifye pou kredi Pwoteksyon Ouvèti Klas A lè yo founi dokimantasyon ki valide lane konstriksyon a. Kontakte ajan w la pou konnen si ou kalifye pou rabè sa.

## Tip Twati Pi Komen yo



### Rabè Konstriksyon Twati

- Akseswa pou kouvèti twati
  - Kouvèti twati ki kole ak klou epi vis 8d
  - Madera dimansyonèl (mal ak femèl)
- Kouvèti twati
  - Tout kouvèti twati yo reponn a egzijans minimòm Kòd Konstriksyon Florida 2001 an oswa Kòd Konstriksyon Florida 1994 la (pou Miami-Dade ak Broward)
  - Tout lòt kouvèti twati ki ekivalan FBC yo
- Koneksyon twati-miray
  - Klip
  - Anbalaj senp ou doub
- Rezistans dlo segondè
- Materyèl (tankou otoadezif enpèmeyab) ki kole sou platfòm twati a pou pwoteje kont filtrasyon dlo.

Si kay ou a kalifye pou rabè Kòd Konstriksyon Florida a, ou resevwa deja rabè pou konstriksyon twati. Mande ajan w la plis enfòmasyon.

### Lòt rabè

Kèk tip asirans ka kalifye tou pou rabè siplemantè:

- Sistèm alam dife
  - Sistèm siveyans santralize, avèk oswa san awozwa, ka kalifye pou rabè.
  - Sistèm alam vòl yo ka kalifye pou rabè.
    - Sistèm yo dwe gen siveyans pou sa kalifye pou rabè prim.
- Sistèm awozwa

Li nesèsè pou prezante dokiman anvan yo aplike nenpòt rabè, epi pri tout sètifika ki obligatwa pou karakteristik kalifikasyon yo se responsablite pwopriyetè a. Kontakte ajan ou a pou plis enfòmasyon.

## Resous rekòmande Ranfòse Kay ou

Resous ki apre yo founi plis enfòmasyon konsènan karakteristik konstriksyon kont van tanpèt:

- Alyans Federal pou Kay an Sekirite (FLASH) [www.flash.org](http://www.flash.org)
- Enstiti Asirans pou Sekirite Biznis a Kay (IBHS) [www.disastersafety.org](http://www.disastersafety.org)
- Sèvis Finansye Depatman Florida (DFS) Planifye Prepare Pwoteje [www.myfloridacfo.com/division/ica/planprepareprotect/mitigation](http://www.myfloridacfo.com/division/ica/planprepareprotect/mitigation)

Anvan ou gen yon enspeksyon alèjman van ki fèt oswa karakteristik alèjman enstale, verifiye ke kontraktè w la gen yon lisans Florid ki valid. Vizite [www.MyFloridaLicense.com](http://www.MyFloridaLicense.com) epi seleksyone *Verify A License*.

### Pale ak Ajan ou

Ajan w la se pi bon sous enfòmasyon konsènan kontra espesifik ou a, kouvèti, prim ak rabè ki kalifye. Si ajan w la pa disponib oswa si ou gen kesyon apre ou fin pale ak ajan w la, rele Citizens nan 1.866.411.2742.